


VERI (BOUTON CHEN, GRENN SÈL)



Pi fò bouton chen, sitou pou timoun, rete 3 rive 5 lanne, apre sa yo ale pou k6 yo. Le nou gen bouton plat ki fe mal anpil anba pia pye nou, se ka bouton chen. (Osinon se ka kò. We pi ba nan menm paj la).

Tretman:

- Renmed fey ak senp konn geri kalite bouton sa yo. Men, pa sevi ak asid ki fa osinon plant ki pwazon paske yo ka boule po a epi s a ban nou maleng ki pi mal pase bouton yo.

- Yon ajann sante ka wete bouton chen anba pye ki fe mal anpil.

Materyo an genyen dwa otè ouvè. Sa vle di ou bay pèmisyon pou nou fè kopi epi distribye materyo nou gratis toutotan ou distribye yo san ou pa fè benefis sou yo Price 100 - \$7.00 /500 - \$25.00 / 1000 - \$50.00 Includes postage to U.S. address. Eastern Digital Resources - 5705 Sullivan Point Drive - Powder Springs, GA 30127 (803) 439-2938 - Sales@researchonline.net - www.ngohaiti.com


KÒ

Kò se yon pati po nou ki vin di, pwès. Se kote sapat nou osinon soulye nou peze sou po a, osinon lè yon zòtèy peze sou yon lòt. Kò ka fè mal anpil.

1. Tranpe pye a nan dlo tyèd pou 15 minit




2. Ak yon lim osinon yon rap, limen ko a jouk li vin mens.



Tretman:


- Mete sapat ak soulye ki yon jan twò gran pou nou pou yo pa peze kò yo.

- Pou kò sispann fè nou mal, men sa pou nou fè:



KLOU, APSE, VERI AK KÒ

Yon klou osinon yon apse se yon enfeksyon ki fè yon ti sa kit pi anba po. Se ka apre yon blese ak yon bagay pwenti osinon apre yon piki nou pran ak yon zegwi salli fòmè. Yon klou fe mal anpil epi po a ki bò kote li vin tou wouj epi li cho. Li ka bay glann ak lafyè.



Tretman:

Mete konprès cho sou klou a anpil fwa nan lajounen.

Kite klou a pete pou kò l' 'Aprè li pete, toujou mete konprès cho sou li. Kite pi a koule, men **pinga nou janm peze klou** a paske sa ka fè enfeksyon an gaye epi li paret lòt kote.

Si klou a ban nou glann, pran grenn penisilin osinon estreptomisin.

PENISILIN AK ESTREPTOMISIN

Nan anpil peyi yo jwenn yon kalite penisilin ki mele ak estreptomisin. Moun yo renmen sèvi twò dri aye l. Si nan zòn nou an nou konnen yon kalite penisilin konsa moun yo konn sèvi, make non li, fos li, ak pri li.

Non:-----pri:-----pou

Penisilin ak estreptomisin fèt pou sevi ansanm sèlman nan ka espesyal nan plas anpisilin, lè anpisilin lan twò chè, osinon lè yo ka jwenn li. Yo pa fèt pou sèvi pou ti ka enfeksyon osinon pou ti grip òdinè.

Nap jwenn renmed fey ki bon pou Abse:

Rache yon yonyon, kwit li sa grès, mete sou kot a.

Chofe fèy piman, mete grès sou yo, mete sou abse a.

Men pa sèvi twòp avè l.

Kraze chè papay, mete sou kote a.

Kraze yon kalalou, mete sou abse a.

MEN KI JAN POU SÈVI AK KÒNPRÈS CHO:

1. Bouyi dlo a, apre sa kite l tyèd kont pou nou ka mete men nou ladan l.




2. Ploye yon moso twal pwop, fòk li yon ti jan pi laj pase kote ki malad la.




3. Mete twal la sou kote ki malad la.



4. Kouvri twal la ak yon moso plastik.



5. Vlope li ak yon sèvyèt pou kenbe chalè a anndan.



6. Mete kote ki malad la yon ti jan anlè .

7. Lèt walla koumanse frè t, mete li nan dlo cho a ankò epi rekoumanse.

